jámiyetshilik penen baylanısların rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı qararı tiykarında hákimiyat, ministrlik, mákeme hám shólkemlerde Málimleme xızmeti – Baspasóz xatkeri lawazımı engizildi. Olar internet tarmaǵında mákemeniń veb-resursların shólkemlestiriw hám olardıń nátiyjeli jumısın jolǵa qoyıw, ǵalaba xabar quralları arqalı mákemeniń jumısı haqqında jámiyetshiliktiń unamlı pikirlerin qáliplestiriw, orınlarda sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy reformalar procesin qalıs júrgiziw boyınsha jumıslar alıp bara basladı.

Nátiyjede búgingi kúnde hár bir mákemede málimleme xızmeti jolǵa qoyıldı. Atap aytqanda: Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar hám Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrliginiń, JOOları, hákimlikler, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesiniń sociallıq tarmaqlarında bilimlendiriwge tiyisli jańalıqlar turaqlı túrde jarıtılıp barılmaqta.

Juwmaqlap aytqanda, sociallıq tarmaqlardıń hám unamlı, hám unamsız tárepleri bar. Áhmiyetlisi, olardan sanalı túrde paydalanıw hám waqıttı sheklew. Ulıwma paydalanbaytuǵınlar da bar, olarǵa óziniń real turmısı qızıǵıraq, bálkim onlayn turmısı barlarǵa gúman menen qarawı da múmkin. Bular insannıń maqsetine qaray islenetuǵın individual tańlawlar, birin durıs, birin nadurıs dewge biziń haqımız joq. Biraq, qánige sıpatında unamlı tárepleri haqqında maǵlıwmat beriwdi lazım kórdim.

Eger siz sociallıq tarmaqlardan durıs paydalansańız, olar ómirińizdi túrli reńler qosıp bayıtıwı hám ruwxıy salamatlıǵıńızǵa unamlı tásir kórsetiwi múmkin.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Mirziyoyev Sh. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga yo‘llagan tabrigi. 2017-yil 27-iyul.
2. Mo‘minov F.A. Jurnalistika ijtimoiy institut sifatida. – T.: Universitet, 1998.
3. Прохоров Е.П. Журналистика. Государство. Общество. – М., 1996.
4. Xudoyqulov M. Ommaviy axborot vositalari nazariyasi. – T.: Universitet. 1999.
5. Qozoqboyev T.M., Xudoyqulov M. Jurnalistika. Oliy o‘quv yurtlari uchun darslik. – T., 2009.
6. URL: Ijtimoiy tarmoqlarning paydo bo‘lishi. https://imomtermiziy.uz/uz/news/279 (ko‘rilgan sana 16.02.2023)
7. Muminov F.A., Bekbawliev D.O hám basqalar. Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciya tiykarlarí. Sabaqlıq. – T.: «Yosh avlod matbaa». 2021. –V. – 196.
8. URL: Yoshlarning ijtimoiy tarmoklar orqali mamlakat imijini oshirishdagi roli. https://beruniyalimov.uz/archives/705

**REZYUME.** Maqolada ta’lim tizimiga oid ijtimoiy tarmoqlarning rivojlanish boshqichlari, uning jamiyat rivojlanishidagi o‘rni ham da ahamiyati o‘rganilgan. Shuningdek, bugingi kundagi ijtimoiy tarmoqlarning xususiyatlaridan kelip chiqib, ularning turlari ko‘rsatib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются этапы развития социальных сетей в системе образования, их роль и значение в развитии общества. Также на основе характеристик современных социальных сетей представлена их виды.

**SUMMARY.** The article examines the stages of development of social networks in the education system, their role and significance in the development of society. Based on the characteristics of modern social networks, their classification and types are also presented.

## LIRIKALÍQ KESHIRMENI POETIKALÍQ QURALLAR ARQALÍ SÁWLELENDIRIW USÍLLARÍ

**S.U.Fayzullaeva** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** lirik kechinma, poeziya, lirik qahramon, she’r, ichki forma.
**Ключевые слова:** лирическое возбуждение, поэзия, лирический герой, стихотворение, внутренняя форма.
**Key words:** lyrical excitement, poetry, lyrical hero, poem, inner form.

Lirikalıq keshirmeni poetikalıq qurallar, yaǵnıy, kórkem súwretlew quralları arqalı jetkerip beriw barlıq xalıqlar ádebiyatında áyyem zamanlardan berli qáliplesken dástúriy usıl esaplanadı. Ádebiyattanıwda kórkem sóz poetikasın úyreniw máselesi Aristoteldiń «Poetika»sınan baslap búgingi kúnge shekem dawam etip kelmekte. Rus, ózbek, qazaq, túrkmen

ádebiyattanıw ilimlerinde belgili jazıwshı-shayırlardıń kórkem sóz poetikasın izertlew jumısları alıp barıldı.

Qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimi de bul másele boyınsha salmaqlı ilimiy izertlew jumıslardı ámelge asırdı. Bul izertlew predmeti ilimpazlar S.Axmetov, Q.Sultanov, K.Mámbetov, K.Xudaybergenov, S.Bahadırova, Q.Muratbaev, G.Esemuratov, Q.Járimbetov, Q.Orazımbetov, P.Nurjanov, B.Genjemuratov hám basqalardıń ilimiy miynetlerinde orın aldı. Kórkem sóz poetikasınıń shıǵarma kórkemliligin támiyinlewdegi funkciyaları zamanagóy ilim jetiskenlikleri tiykarında úyrenildi. Bul óz náwbetinde, házirgi qaraqalpaq poeziyasında kórkem súwretlew quralларınıń qollanılıwı hám olarda ishki keshirmeni jetkeriwdi shayır ózinsheligi tiykarında úyreniwge jol ashadı.

Shayır menen ekinshi shayırdıń arasındaǵı parıq onıń az ya kóp jazǵanlıǵında emes, bálki ózinen aldıńǵılarǵa qaraǵanda qanshelli dárejede jańalıq ashıwı, janrlıq múmkinshiligin kóbeytiwi, obraz jasaw usılınıń ayrıqshalıǵı, dártli sezim hám sóz saplaw usılları tiykarında ayrıqsha kózge taslanadı.[1.116.]

Házirgi qaraqalpaq poeziyasında biz tallawǵa tartqan shayırlar dóretiwshiliginiń sapa dárejesin belgileytuǵın troplardıń ayrıqsha kózge taslanatuǵın túri bul – **metaforalar.**

Shayır P.Mırzabaeva óz ishki keshirmelerin metaforalıq usılda kórkem jetkeriw ushın kóbirek izlenisler alıp barıp jańa metaforalardı qollanıp barǵanlıǵı seziledi. Turmıstıń barlıq tarawlarınan metforalıq sıpatqa iye detallardı óz lirikalarında qollanıwǵa háreket etedi. Máselen, onıń «Házir bir-bir esleymen: waqıt» dep baslanatuǵın qosıǵında mınaday metafora qollanıladı:

Kewil **arxivime** tirkelip
Bul waqıya qaldı alıslap. [2.50-51.]

Qosıqta shayır balalıq hám jaslıq máwritlerin esleydi. Sol dáwirlerdegi biyǵam balalıqtıń tatlı demleri, ómirge dáslepki qoyıp atırǵan qádemleri haqqındaǵı keshirmeleri beriledi. Shayır mine usı ótken demlerdiń qálbinde máńgi saqlanıp qalıwın kórsetiw ushın «arxiv» metaforasınan paydalanadı. Arxiv tuwrı mánisinde hújjetler saqlanatuǵın orın. [3.103.] Shayır kewiline jaqın esteliklerdi, eslewlerdi umıtpaslıǵın ańlatıw ushın onı «arxiv» metaforası menen beredi. Qálegen arxivlerde hújjetlerdiń isenimli saqlanıwı shayır kewlindegi umıtılmas hádiyselerge kóshirilip súwretlenedi.

Sonday-aq, shayırdıń «Ulım…» qosıǵında mınaday qatarlardı oqıymız:

Adamlardıń qálbindegi **butifostan**
oǵırı qorqaman. Nelikten? Nege?
Olar seni záhárlemegey haslan! [2.4.]

Qosıq qatarlarında «butifos» metaforası itibarımızdı tartadı. Butifos tuwrı mánisinde júdá záhárli preparat bolıp paxta sanaatında qollanıladı. Paxta maydanların mashina menen teriwge tayarlawda paxta paqallarındaǵı japıraqlardı tógiw ushın qollanılatuǵın kúshli defoliant [5.] Qosıqta onıń kórkem mazmunı adamlar ishinde jasırınǵan jawızlıqlardı tanıtıw ushın qollanılǵan. Shayır onıń záhárli ekenligine emes, al japıraqtı tógiw qásiyetiniń awısıwı arqalı ulınıń keleshektegi imkaniyatlarınıń joq etiliwine, jollarınıń jabılıp qalıwınan qorqınıshqa túsedi. Qosıq qatarlarındaǵı «Adamlardıń qálbindegi butifos» dep keltiriwi bunıń sırlı tutılıwı, adamnıń alası ishindeligine ishára etedi. Sonlıqtan, lirikalıq qaharman – Ana perzentiniń kelesheginen qáweterge túsedi.

Házirgi qaraqalpaq poeziyasın biz tallawǵa tartqan shayırlardıń qosıqları mısalında úyrengenimizde olardıń kórkem-poetikalıq sheberlikke erisiwde izleniwler alıp barǵanlıǵınıń gúwası bolamız. Olar ápiwayı turmıslıq detallardan metaforalıq xızmette paydalanbastan, original funkciyalarınan kelip shıǵıp, sózlerdi qubıltıwǵa háreket etkenligin kóremiz.

Bunday poetikalıq qurallardı sezimlerge tiykarlap beriw sheberligi shayır P.Mırzabaevanıń qosıqlarında kóplep ushırasadı. Onıń «Ómir dep atalǵan úlken kitaptı…» dep baslanatuǵın qosıǵında mınanday qatarlar keltiriledi:

**Shım-shıtırıq** betler eseytti meni…
Qońırawsız sabaqlar bolmaydı ada. [2.22.]

Shayırdıń allegoriyalıq súwretlew usılı arqalı jazılǵan bul qosıǵında ómir «úlken kitap» metonimiyası menen qayta ataladı. Keyingi qatarlarında ómirden, kitaptan alǵan sabaqların onıń «betler» sinekdoxası arqalı ele de konkretlestiredi. Bunda áhmiyetlisi, shayırdıń kitap betlerin mázi atap ótpesten, «shım-shıtırıq» epiteti menen beriwi emocionallıq tárepten tásirli hám kórkem shıǵıwına sebep bolǵan. Insan ómiriniń mazmunın hár túrli, pıtırańqı, shashırandı ǵalma-ǵallı hádiyseler payda etedi. Shayırdıń ishki keshirmesinde mine usı shım-shıtırıq waqıyalar onıń eseygenine, ulǵayıwına sebep bolǵanı berilgen. «Qońırawsız sabaqlar» ómirdiń bunday qubılısları tınımsız dawam etetuǵınlıǵın ańlatadı. Shayır ómirde insan óziniń ılayıqlı ornın tabıwı ushın bunday subyektivlik hám obyektivlik sebeplerge múnásip qatnas jasay alıw kerek ekenligin eskertedi. Biz itibarǵa alǵan epitetler san tárepinen kópshilikti quramasa da, shayırlardıń sózdi qubıltıwdaǵı, kórkemlilikke erisiwdegi sapasın kórsetedi. Olardıń ishki keshirmeni jetkeriwdegi epitetti paydalanıwda sheberlik mektebin ótewi áhmiyetli bolıp tabıladı.

Shayır P.Mırzabaevanıń dóretiwshilik stiline tán ózgeshelik- tek ǵana shanaraq, yaki jergilikli xalıq táshwishi, táǵdiri emes, kóbinese pútkil insaniyatqa tiyisli planetalıq problemalar qosıǵına mazmun etip tańlanadı. Onıń qosıqlarındaǵı metonimiyalar da usınday mazmundı jetkerip beriw ushın kórkemlik xızmet atqaradı.

Qorqınıshlı partlaw boları anıq
Gúnalarǵa tolı **vagonda** gúlli. [2.27.]

Shayır qosıqta poezdlarǵa tirkelgen vagonlarda qural-jaraqlar júklengen bolıwı múmkinligin, bul alıs yaki jaqın jerlerde urıs otın tutandırıw ushın aparılatuǵınlıǵın táriyipleydi. Jetkerilgen qurallardan nabıt bolatuǵın náresteler, tınısh xalıq táǵdiri shayırdı qayǵıǵa saladı. Onıń ishki keshirmelerinde tasıwshılıq xızmetti atqaratuǵın bul «vagonlarda» ayıp joq, ayıp urıstı baslap júrgen ayırım topar aǵzalarında hám shayır buǵan ǵázeplenedi. Mine, usı urıs baslawshılardı shayır «vagonlar» metonimiyası menen qayta atap, oǵan tiyelgen suwıq qural-jaraqlardı gúna dep ataydı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, lirikalıq keshirmeni beriwde sózlerdiń awıspalı mánilerinde súwretlew qosıqtıń kórkemliligin hám oqıwshı sanasınıń rawajlanıwına málim dárejede óziniń unamlı tásirin tiygizgenligine gúwa bolamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. К.Мәмбетов. Әжинияз. – Нөкис: 1994. – Б. 116.
2. П.Мырзабаева. Дәўир нәпеси. Қосықлар. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. – Б. 4-51.
3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том. – Нөкис: 1982. – Б. 103.
4. https://uz.wikipedia.org/wiki/Butifos



**REZYUME.** Mazkur maqolada shoira P.Mirzaboevaning lirikasi taxlil qilinadi. Shoira ijodida kechinmalarning badiiy tasvir vositasida berilishi, o‘ziga xosligi ochib beriladi. P.Mirzaboevaning she’rlaridagi lirik qahramon kechinmalari turli xil detallar asosida badiiy ifoda etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется лирика поэтессы П.Мирзабоевой. Раскрывается своеобразие передачи переживаний через художественные образы в её творчестве. Эмоциональные состояния лирического героя в стихах П.Мирзабоевой выражаются художественно с помощью различных деталей.

**SUMMARY.** This article analyzes the lyrics of the poet P.Mirzaboeva. The unique features of how emotions are conveyed through artistic imagery in her work are revealed. The emotional experiences of the lyrical protagonist in P. Mirzaboeva’s poems are artistically expressed through various details.


# XX ÁSIR 80-JÍLLAR AQÍRÍNDA QARAQALPAQSTANDA TARIYXÍY HÁM MÁDENIY ESTELIKLERDI SAQLAW BOYÍNSHA ALÍP BARÍLǴAN JUMÍSLAR HÁM ONDAǴÍ MASHQALALAR


**L.Urazova** – *tariyx ilimleri kandidatı, docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** madaniyat, madaniy, me’moriy yodgorliklar, arxeologik ob’ektlar, restavratsiya, tiklash ishlari, mutaxassis-restavratorlar.

**Ключевые слова:** культура, культурные, архитектурные памятники, археологические объекты, реставрация, восстановительные работы, специалисты- реставраторы.

**Key words:** culture, cultural, architectural monuments, archaeological sites, restoration, restoration work, restoration specialists.


Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligin alıwı hám jáhán birlespesine teń huqıqlı subyekt sıpatında kiriwi Ózbekstannıń, sonıń ishinde Qaraqalpaqstannıń bay mádeniy tariyxına hám ótmishine qızıǵıwshılıq kúsheydi. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı óziniń kóp ásirlik bay mádeniyatına iye. Bul maqalada xalıqtıń tariyxıy hám mádeniy miyrasınıń úlgisi bolǵan mádeniyat esteliklerin saqlaw boyınsha mashqalanı kórip shıǵamız. Ózbekstan xalqınıń joqarı ruwxıylıǵın támiyinleytuǵın tiykarǵı baylıǵı mıń ásirler dawamında qaliplesken onıń mádeniy - tariyxıy miyrası boladı. Elimiz óz ǵárezsizligin alıwı menen Ózbekstan, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan xalıqlarınıń ruwxıy hám mádeniy baylıqların qayta tiklew baslı wazıypa boldı.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasınıń 61 statyasında puqaralar Ózbekstan xalqınıń